



Pou Piblikasyon Imedya: 12/07/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE RABÈ SOU PEYAJ POU UTILIZATÈ PON HENRY HUDSON KI SE REZIDAN BRONX AK UTILIZATÈ PON CROSS BAY KI SE REZIDAN QUEENS

Pwogram rabè yo pral jwenn moun ki gen kont Sant Sèvis Kliyan E-ZPass NY ki anrejistre ki se rezidan nan Bronx oswa Queens sou pasaj respektif yo

Kont transpò minisipalite eksteryè ki te kreye an 2018 ke rabè yo finanse

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon pwogram rabè peyaj ki gen pou fèt pou rezidan Bronx ak Queens ki itilize Pon Henry Hudson ak Pon Cross Bay. Rabè yo posib grasa Kont Transpò Awondisman Eksteryè a, ki te etabli an 2018 pou bay lòt resous pou amelyorasyon transpò nan minisipalite eksteryè a.

"N ap rann vwayaj yo pi fasil ak pi abòdab pou fanmi k ap travay nan Bronx ak Queens ki konte sou Pon Henry Hudson ak Pon Cross Bay", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Kit se atravè pwogram rabè sa a oswa ogmantasyon istorik nan sèvis MTA nou te aplike yo, mwen pran angajman pou fè vwayaj yo vin pi aksesib pou tout Nouyòkè yo".

Nan kad pwogram nan, MTA pral bay rabè pou rezidan Bronx yo sou vwayaj yo fè atravè Pon Henry Hudson ak rezidan Queens nan vwayaj yo fè atravè Pon Cross Bay. Chofè yo pral elijib pou pwogram nan si yo enskri pou pwogram rabè rezidan an avèk yon kont Sant Sèvis Kliyan E-ZPass nan New York (NYCSC) ki valab ak anrejistre pou yon rezidan Bronx pou rabè Pon Henry Hudson oswa yon rezidan Queens pou rabè sou Pon Cross Bay. Kliyan NYCSC E-ZPass ki gen kont ki satisfè deja kritè pou rabè a pral otomatikman enskri nan MTA Bridges and Tunnels epi y ap fè l konnen, alòske moun ki ka elijib men ki bezwen aksyon ap resevwa enstriksyon sou fason pou yo byen enskri. Yo prevwa pwogram nan apl kòmanse an fevriye 2024. Kliyan k ap chèche plis enfòmasyon yo ka vizite [Pwogram Rezidan MTA Bridges and Tunnels](#).

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare, "Lejislati a te aplike fon sa a nan yon fason ki pèmèt sistèm peyaj rejyonal la kontinye evolye pou tounen youn ki konsantre sou jere ankonbreman".

Prezidan MTA Bridges and Tunnels, Catherine Sheridan, te deklare, "Pwogram sa a montre angajman Lejislati a pou l kontinye maksimize mobilite rejyonal la. Nou kontan

ak nouvo pwogram sa a pou rezidan Bronx ak Queens ki kapab kounye a jwi vwayaj lokal avèk yon rabè konplè".

Senatè Eta Joseph P. Addabbo Jr. te deklare, "Nou pral temwen rabè yon peyaj enjis yo konn chaje sou Pon Veterans Memorial Cross Bay la pou rezidan Queens yo. Ranvèsman sa a se yon gwo viktwa ak yon efò ke ofisyèl eli yo ak rezidan yo te fè efò pou yo akonpli depi plizyè dizèn ane. Reyalizasyon sa a pral bay rezidan yo rabè pou sèl peyaj andedan minisipalite a nan vil la, ede kwasans ekonomik ak plezi nan penensil Rockaway, epi yo pa t ap kapab fèt san efò kolektif kominote a, Gouvènè Hochul, MTA a, ak ofisyèl eli yo nan nivo eta".

Senatè James Sanders Jr. te deklare, "Mwen kontan dèske n ap pran mezi pou bay rezidan Queens yo ki konte sou Pon Cross Bay la yon ti soulajman. Ranbousman sa a pral ede fè vwayaj yo vin pi aksesib epi l ap tounen mete lajan nan pòch fanmi k ap travay yo".

Senatè Eta a, Gustavo Rivera te deklare, "Rabè enpòtan sa a se yon avantaj akeyi pou rezidan ki elijib nan distri mwen an ki itilize Pon Henry Hudson. Mwen vle remèsye Lejislati a paske yo te jwenn finansman pou pwogram enpòtan sa a paske m ap toujou kontan lè rezidan Bronx yo ka benefisye transpò ki pi bon mache".

Manm Asanble Jeffrey Dinowitz te deklare, "Jwenn yon rabè pou peyaj Pon Henry Hudson lan se yon gwo priyorite pou mwen. Pandan ke pandemi COVID-19 la te retade aplikasyon li, li kounye a sou wout pou l reyalize. Si w se yon rezidan Bronx ki gen yon machin ki anrejistre nan Bronx epi w gen yon E-ZPass ki finanse, y ap remèt peyaj ou a pou Pon Henry Hudson lan imedyatman. Mwen te goumen anpil pou sa paske se yon fado ki pa kòrèk pou abitan Bronx yo peye yon peyaj sou pon kout sa a. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul ak MTA paske yo sipòte gwo lide sa a".

Manm Asanble Stacey Pheffer Amato, te deklare, "Pwomès yo te fè, pwomès yo te kenbe – Pwogram Ranbousman Peyaj Rezidan Queens pou Pon Veterans Memorial Cross Bay la ap fèt! Apre plizyè ane travay di ak pèsèverans, atravè lejislasyon mwen te adopte ak Senatè Addabbo, tout rezidan Queens ki itilize pwogram NY E-Zpass epi ki anrejistre pou pwogram nan pral jwenn aksè konplè nan tout minisipalite yo, espesyalman Penensil Rockaway. Mwen remèsye MTA ak Gouvènè a dèske y ap aplike sistèm sa a pandan n ap retire yon baryè pou garanti opòtinite ekonomik pou tout moun nan Queens".

Manm Asanble Khaleel Anderson, te deklare, "Pwogram Peyaj Rabè pou Rezidan Queens sa a ap ede pèmèt ekite pou elektè mwen yo ki gen kèk nan pi long vwayaj nan machin oswa transpò piblik nan senk minisipalite yo. Mwen vle remèsye kòlèg mwen, Madanm Asanble Stacey Pheffer Amato ak Senatè Joe Addabbo, ansanm ak Gouvènè a ak MTA paske yo te ede fè sa tounen yon reyalyte".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)